



Center for
Prevention Programs
and Partnerships

Apwòch CP3 pou Prevansyon

Tabdèmatyè

Rezime Egzekitif	2
Apwòch CP3 pou Prevansyon	3
I. Prezantasyon	3
II. Kontèks	3
III. Apwòch Pratik pou Prevansyon	4
IV. Avantaj ki genyen nan Adopsyon Prensip ki soti nan yon Apwòch ki Fonde sou Sante Piblik pou Prevansyon kont Vyolans	6
V. Trase Wout pou Suiv la.....	8
VI. Konklizyon	10
VII. Referans	10

Rezime Egzekitif

Menas Lèzetazini ap konfwonte yo gen ladan yo yon kantite vyolans ki sible ak atak teworis moun ki fè vyolans pou abòde youn oswa plizyè doleyans presi ap fè. Sant pou Pwogram Prevansyon ak Patenarya (CP3) te etabli pou dirije efò sible pou prevansyon kont vyolans ak teworis (TVTP) ki afekte moun, kominote yo ak sosyete ameriken an. Apwòch li a baze sou prensip sante piblik ki teste sou tan ki konsantre sou sekirite ak byennèt tout popilasyon an.

Apwòch CP3 a konsantre sou amelyore faktè pwoteksyon ki ranfòse otonomi moun, kanmarad, fanmi, ak kominote yo. Apwòch sa a travay pou diminye chans pou yon moun pral fè vyolans dabò epi kreye yon rezo sekirite alantou moun sa yo ki montre konpòtman ki enkyetan, tankou fè menas jeneralize ki gen vyolans sible. CP3 òganize aktivite TVTP nan kat nivo pwogramasyon: primòdyal prensipal, segondè, ak siperyè. Chak nivo prevansyon ofri opòtinite pou redwi risk alafwa vyolans sible ak teworis epi kreye opòtinite anplis pou yon pi gwo kantite patnè pou yo patisipe nan efò prevansyon yo. Nivo prevansyon sa yo varye depi nan abòde pi gwo faktè sosyal ki gen yon enpak negatif sou moun, rive nan bati kominote ki pi sen nan nivo lokal, kreye pwogram sekirite pou moun, ak reyabilite moun ki te deja angaje nan aktivite ki asosye ak vyolans ak teworis sible. CP3 itilize apwòch konplè, miltidisciplinè, e ki baze sou fòs sa a pou konstwi yon kilti TVTP epi ankouraje kominote yo ak founisè yo pou yo apiye yo sou konpetans ak pwogram prevansyon kont vyolans ki egziste deja.

Gen anpil avantaj pou adopte yon apwòch sante piblik pou prevansyon kont vyolans. Apwòch la olistik, dinamik, responsabilize, miltidisciplinè, pwodiktif, baze sou prèv, pragmatik, epi konsantre sou kreyasyon sekirite dirab, sou peryòd ki long nan tout kominote yo.

CP3 fè travay sa a atravè senk objektif:

- Objektif 1: Fè Rechèch ak Devlope Kontni
- Objektif 2: Ogmante Kapasite Founisè ak Patnè Prevansyon yo
- Objektif 3: Envesti ak sipòte Pwogram Inovatè TVTP yo
- Objektif 4: Bati yon Kowalisyon Nasyonal ki Fonde sou Sante Piblik pou TVTP
- Objektif 5: Egzekite Kominikasyon Estratejik

Apwòch CP3 pou Prevansyon

Yon Liv Blan ki soti nan Sant DHS pou Pwogram Prevansyon ak Patenarya (CP3) sou Prevansyon kont Vyolans ak Teworis ki Sible atravè Pwogram ak Sèvis ki Fonde sou Sante Piblik.

I. Prezantasyon

Depatman Sekirite Enteryè a (DHS) te kreye apre atak teworis 11 septanm 2001 pou inifye repons nasyon an kont menas teworis etranje kont peyi a epi amelyore sekirite nasyonal la. Menas Etazini ap konfwonte yo evolye depi lè yo gen ladan yo vyolans domestik ak teworis ki sible. Menas prensipal vyolans ak teworis ki sible an soti nan delenkan izole oswa ti selil moun ki motive akoz yon varyete doleyans ki gendwa konplèks epi difisil pou konprann oswa pou antisipe nan itilize sèlman kapasite tradisyonèl sèvis polis ak ransèyman yo (DHS, 2022). Nan fason sa a, DHS adapte l pou abòde evolisyon peyizaj la e li te etabli Sant pou Pwogram ak Patenarya Prevansyon (CP3) an 2021 pou dirije efò prevansyon depatman an kont espèk vyolans ak teworis ki sible sa a.

Liv blan sa a bay yon apèsi sou peyizaj aktyèl menas vyolans ak teworis ki sible an, aplikasyon ak avantaj yon apwòch prevansyon ki fonde sou sante piblik, ak yon rezime estrateji CP3 k ap gide priyorite li yo ak investisman pwogram li yo.

II. Kontèks

Etazini te temwen rezilta trajik moun ki itilize vyolans pou abòde yon doleyans, eksprime yon patipri, oswa fè avanse yon kòz ideyolojik. Trajedi sa yo gen ladan yo ka premedite vyolans nan lekòl ak nan espas travay, krim rayisman, ak teworis.

Lapolis pa gen otorite pou anpeche zak vyolans ki sible sa yo nan absans aktivite ki swa satisfè nòm jiridik ensitasyon yo pou komèt yon krim oswa ki reprezante yon vrè menas pou sekirite piblik la. Kalite vyolans sa a montre yon diferans estriktirèl nan repons nasyonal nou an. Pa egzanp, National Consortium for the Study of Terrorism and Responses to Terrorism (START), yon sant rechèch akademik ki pa gouvènmantral, evalye "nan epòk 9/11 la ... moun ki asosye ak ideyoloji ekstremis domestik yo te reyisi nan komèt krim vyolan 57.5% nan tan an" (Jensen et al., 2023, Mas, p.3).¹ Kominote jistis penal la ka itilize lwa sou soutyen materyèl la pou deranje pi fasil atanta ekstremis vyolan lokal yo (HVE) ki jwenn enspirasyon òganizasyon teworis etranje ki deziyen yo. Menm ak zouti sa yo, START jwenn yon to siksè 20.8% pou atanta HVE yo pandan menm peryòd la.

Kantite atanta ekstremis vyolan ki fè viktim an mas nan Etazini ap ogmante. Done START ranmase sou 30 dènye ane yo montre "pandan peryòd senk lane soti 1990 rive 1994, Etazini te anrejistre anmwayèn de atanta ekstremis viktim an mas chak ane. Kòm konparezon, pandan peryòd senk lane soti 2017 rive 2021, te gen

¹ Done ki referanse yo nan pwojè START yo soti nan pwojè rechèch prive ki jwenn finansman gouvènman federal la, Profiles of Individual Radicalization in the United States (PIRUS). Pwojè START la ranmase done ki andeyò dimansyon misyon DHS la epi kategorize done sa yo nan fason DHS pa fè sa. Konklizyon START yo pa reprezante analiz DHS. DHS pa kontwole oswa swiv moun oswa gwoup sèlman sou baz ideyoloji. Sèlman defans pozisyon politik oswa sosyal, aktivis politik, itilizasyon diskou fò, oswa adopsyon filozofik jeneralize taktik vyolan yo pa reprezante yon ekstremis vyolan epi yo jwenn pwoteksyon konstitisyon an. PIRUS se yon seri done kantitatif ki dezidantifye, transvèsal, sou moun ki Ozetazini ki radikalize yo nan yon pwèn kote yo livre yo nan aktivite kriminel vyolan oswa san vyolans, oswa yon asosyasyon ki motive sou plan ideyolojik ak yon òganizasyon ekstremis etranje oswa domestik soti 1948 rive 2021. Yo te kode seri done PIRUS la apati materyèl ki totalman open-source. Seri done a pa limite l ak yon sèl kategori ideyolojik. Pou plis enfòmasyon sou metodoloji ak definisyon yo itilize nan pwojè rechèch sa a, tanpri vizite: start.umd.edu. Pwojè sa a te jwenn soutyen Prim 2012-ZA-BX-0005, 2017-ZA-CX-0001, ak 2019-ZA-CX-0004 atravè Enstiti Nasyonal pou Jistis la, Biwo Pwogram Jistis yo, ak Depatman Jistis Etazini a, e Biwo Pwogram Inivèsité Direksyon Syans ak Teknoloji Depatman Sekirite Enteryè an atravè Nimewo Prim 2012-ST-061-CS0001.

anmwayèn 40 atanta an mas chak ane Etazini - yon ogmantasyon 1900%" (Jensen et al., 2023, Mas, p.1). Apeprè 33% nan atanta an mas START repètorye ant 1990 e 2021 te reyisi (Jensen et al., 2023, mas).

Ogmantasyon nivo vyolans ki sible Ozetazini montre plis pase jis yon ogmantasyon atak ki fè viktim an mas. Pandan DHS pa kontwole oswa swiv krim rayisman yo, referansyèl FBI la sou estatistik krim rayisman òganizasyon ki fè respekte lalwa yo rapòte montre ogmantasyon ane apre ane nan dènye ane yo, ak krim rayisman ki asosye ak konfli pèp Izrayèl la ak Hamas k ap agrave tandans sa a nan lane 2023 (Alfonso, 2023). Medya nouvèl yo rapòte yon ogmantasyon konstan nan fiziyad nan lekòl yo sou plizyè deseni ki pase yo (Matthews, 2024; Cox et al., 2024). An rezime, twòp ameriken blese oswa mouri nan ka vyolans ki sible (Matthews, 2024; Cox et al., 2024).

Zak vyolans sa yo, kèlkeswa doleyans lan, patipri, oswa ideyoloji ki kache, nui estrikti sosyete a. Efè yo rgen repèkisyon sou kominote nou yo epi aktè mechan yo itilize pou alafwa alimante pwochen zak vyolans epi kreye eka nan mantalite nasyonal nou an. Vyolans ki sible an bay rezilta sikolojik, sosyal, ak sekirite piblik ki negatif pi lwen pase sib fizik yon atak presi, sitou pami jèn yo (Levine and McKnight, 2020; Hodges et al., 2023).

Pou pwoteje sitwayen yo kont vyolans ak teworis ki sible, DHS ak patnè entè-ajans li yo angaje yo nan mezi kont teworis ki vize deranje menas aktif yo. Rekonèt pètibasyon sa yo p ap toujou reyisi, DHS investi tou nan estrateji antiteworis pou pi byen sekirize espas piblik yo ak enfrastrikti enpòtan yo. Pandan apwòch sa yo enpòtan pou sekirite piblik, yo fèt pou diminye risk ki genyen nan menas ki deja manifeste. Yo pa fèt pou diminye chans pou vyolans ak teworis ki sible nan yon premye tan ni pou abòde enpak negatif, nan yon dezyèm tan, sou estrikti nasyonal nou an.

Kèk ameriken ki bonbade ak imaj ak gwo tit sou vyolans ki sible gendwa aksepte kalite vyolans sa a kòm yon bagay inevitab. An reyalyte, nou konnen sikonstans vyolans ki sible yo souvan kapab anpeche, menm jan ak lòt fòm vyolans yo souvan anpeche atravè entèvansyon bonè.

DHS rekonèt nesosite pou yon estrateji rediksyon risk ki baze sou fòs, dinamik, ki diminye chans pou vyolans ak teworis ki sible. CP3 [anbrase yon apwòch ki fonde sou sante piblik pou prevansyon](#) ki pwofite plizyè dizèn ane eksperyans nan prevansyon kont vyolans, ranfòse yon pakèt patenarya, epi ankouraje piblik la konprann ka vyolans ki sible souvan ka anpeche. CP3 anvizaje yon sosyete ki ansekirite, eklere, e rezistan nan ankouraje yon kilti TVTP nan peyi Etazini.

III. Apwòch Pratik pou Prevansyon

Apwòch CP3 a pou prevansyon eklere ak prensip kle sante piblik, ansanm ak yon konsantrasyon sou sante ak byennèt moun ak kominote yo. Apwòch sa a aplike modèl ki fonde sou prèv ki itilize nan lòt fòm prevansyon kont vyolans, ki baze sou rechèch nan domèn tankou sante piblik, sikoloji, ak kriminoloji.

CP3 bati patenarya ak yon pakèt founisè TVTP ak aktè atravè tout nivo gouvènman an, sektè prive a, ak nan kominote lokal yo. Atravè opòtinite finansman sibvansyon anyèl ak pwogram fòmasyon, CP3 vize ogmante sansibilizasyon piblik sou prevansyon ak devlopman konpetans. Nan nivo Eta ak kominote a, CP3 sipòte devlopman estrateji ak pwogram TVTP. Anplis sa, CP3 pataje rechèch ak pratik ki baze sou prèv atravè resous prevansyon ki pibliye pou amelyore inisyativ kominote a epi asire pratik la baze sou pi bon rechèch ki disponib nan yon pakèt domèn disiplin akademik, tankou sante piblik, sante mantal, etid fanmi, sikoloji, ak etid konpòtmantal.

Yon eleman santral yon apwòch ki fonde sou sante piblik se idantifikasyon faktè risk ak pwoteksyon ki swa ogmante oswa diminye chans pou yo kontinye oswa vin yon viktim vyolans. Idantifikasyon risk ak faktè pwoteksyon ka ede detèmine kote prevansyon ta dwe konsantre (CDC, 2024a). Nan kontèks vyolans ak teworis ki sible, rechèch yo endike faktè risk angajman yo nan ekstremis vyolan yo ka varye soti nan faktè

atitid, tankou kòlè, doleyans politik, ak siperyorite nan yon gwoup, pou rive nan faktè kriminojèn tankou rechèch gwo sansasyon ak fèb kontwòl sou tèt ou ([Wolfowicz et al., 2021](#); [Ellis et al., 2024](#)). Faktè risk yo pa prediktif; pito, yon faktè risk se "yon karakteristik ki ka ogmante sansiblite yon moun nan radikalizasyon ki lakoz vyolans"² ([DHS, 2021, p.2](#)). Rechèch yo sigjere faktè risk ak pwoteksyon yo ka varye selon kontèks lokal la, nan mete aksan sou enpòtans apwòch kominotè yo pou prevansyon ([Ellis et al., 2021](#)).

Ranfòse faktè pwoteksyon yo ka ede bese aparisyon faktè risk yo. Pou prevansyon kont vyolans anjeneral, sa gen ladan l sipòte kominote yo pou asire fanmi yo gen aksè adekwa ak bezwen debaz yo, tankou swen medikal, lojman san danje epi ki estab, bon jan kalite edikasyon, ak opòtinite ekonomik, asire moun yo santi yo konekte ak lòt moun nan kominote a. Nan domèn vyolans ak teworis ki sible a, faktè pwoteksyon yo ka gen ladan yo konfyans enstitisyonèl, soutyen sosyal, patisipasyon paran yo, ak satisfaksyon nan lavi (Wolfowicz et al., 2021).

Faktè risk ak pwoteksyon yo parèt atravè nivo endividyèl, relasyonèl, kominotè ak sosyal. Apwòch ki fonde sou sante piblik CP3 itilize Modèl Sosyal Ekolojik (SEM) pou demontre kijan kontèks la enfliyans faktè risk yo ak pwoteksyon atravè tout kouch sosyete a. SEM la pozisyon moun lan nan mitan twa nivo sosyete a (relasyon, kominote, ak sosyal) epi li valorize entèraksyon faktè yo ant chak grenn nan nivo sa yo. SEM a esplike kijan



CP3 genyen yon konpreyansyon ki santre sou moun TVTP a pandan l ap konsidere tou anviwònman kote yon moun ap viv ak aji. Kòm konsekans, CP3 fè patenarya ak yon seri òganizasyon ki pi gran ki travay nan nivo endividyèl, relasyonèl, kominotè, ak sosyal pou diminye risk vyolans ki sible.










Modèl Sosyal Ekolojik la: Yon Kad pou Prevansyon (CDC, 2024b)

Anplis sa, CP3 itilize nivo prevansyon ki fonde sou sante piblik pou abòde faktè risk ak pwoteksyon atravè tout SEM an. Aktivite prevansyon sa yo chèche amelyore detèminan sosyal sante yo — kondisyon kote moun grandi, viv, travay, e vyeyi ki fòme rezilta sante yo (CDC, 2024c). Pou TVTP ak CP3, sa vle di abòde detèminan sosyal yo ki ka diminye chans pou moun yo angaje yo nan vyolans ak teworis ki sible sou kat nivo prevansyon, kategorize kòm primòdyal, prensipal, segondè, ak siperyè.

1. **Prevansyon primòdyal** konsantre l sou faktè sosyal yo ki afekte sante ak byennèt moun ak kominote yo. Faktè pwoteksyon yo gen ladan yo nòm kiltirèl tankou libète lapawòl, enklizyon sosyal, ak ekite, ki souvan benefisye pwoteksyon lalwa.. Kèk egzanp faktè negatif yo gen ladan yo mizojini, entolerans rasyal oswa etnik, ak mank konfyans nan enstitisyon sivik yo. Faktè negatif sosyal sa yo ka kreye kòlè, laperèz, oswa ensètitud. Nan kontèks TVTP a, ekstremis vyolan yo souvan anplifye faktè sa yo yon fason ki opòtinis epi mete blam lan sou gwoup oswa kominote presi yo, ki dekri yo kòm menas epi mande vyolans kriminèl kont yo.
2. **Prevansyon prensipal** rive nan nivo kominote a, pa egzanp nan yon lekòl, nan mitan yon gwoup kominotè afinite oswa yon kote jeyografik tankou yon vil oswa yon vilaj. Pwogram prevansyon prensipal yo bati sou faktè pwoteksyon yo ki ede kominote yo pwospere, tankou detèminan sosyal sante yo, nan diminye atirans vyolans lan kòm yon solisyon pou yon pwoblèm kèlkonk. Pwogram prevansyon prensipal yo kontribiye nan nòmalize yon kilti san vyolans ak prevansyon kont vyolans.

² Radikalizasyon se "devlopman atitid ki favorab ak itilizasyon vyolans nan non yon kòz" (Wolfowicz et al., 2021, p.2).

3. **Prevansyon segondè** aplike pou moun ki montre konpòtman enkyetan ki asosye ak ensidan vyolans ak teworis ki sible, tankou vèbalizasyon entansyon pou angaje yo nan vyolans oswa fikse sou ensidan vyolans ak teworis anvan ki sible yo. Pwogram prevansyon segondè yo gen ladan yo entèvansyon ki pa penal kote ekip miltidisiplinè ak aktè kominotè bay sèvis dirèk (pa egzanp: sante konpòtmantal, sante mantal, sèvis sosyal) pou diminye faktè risk ki enpòtan yo epi ranfòse faktè pwoteksyon ki enpòtan yo nan lavi yon moun, sa ki diminye chans pou yo angaje yo nan yon zak vyolans.³
4. **Prevansyon siperyè** aplikab pou moun ki te angaje yo oswa aktivman sipòte zak vyolans ak teworis ki sible. Pwogram prevansyon siperyè yo ede reyabilite e reyentegre moun yo nan sosyete a pou diminye chans pou residiv. Pwogram prevansyon siperyè yo ede kreye faktè pwoteksyon epi diminye faktè risk nan nivo endividyèl, ansanm ak nan mitan rezo fanmi ak kanmarad yo.

Levels of Prevention	Partner Examples		Programs	
Primordial Advocating to Prevent the Development of Risk Factors	 Policy Makers	 State & City Government	Civic Engagement, Youth Resilience, Law Enforcement Community Engagement	
Primary Fostering resilient communities	 Public Health Workers	 School Admins & Social Workers	Training and Awareness, Bystander Training, Social Cohesion Programming	
Secondary Providing services to people at risk	 School Counselors	 Mental Health Providers	 BTAM Teams	Referral Services, BTAM, Intervention Services
Tertiary Supporting offenders to facilitate positive community re-entry	 Judges, Prosecutors, Defense Attorneys	 Re-Entry, Parole & Probation Officers	Rehabilitation and Reintegration Services, Post-Attack Recovery	

IV. Avantaj ki genyen nan Adopsyon Prensip ki soti nan yon Apwòch ki Fonde sou Sante Piblik pou Prevansyon kont Vyolans

Gen plizyè avantaj nan adopte prensip yon apwòch ki fonde sou sante piblik nan prevansyon kont vyolans, sòti nan rapò pri-avantaj pou sante an pou rive nan byennèt kominote a sou peryòd ki long.

a. Olistik

Konpare ak konte sou yon apwòch jistis kriminel nan izolman, ki konsantre sèlman sou nivo endividyèl la, apwòch ki fonde sou sante piblik la olistik ([Akademi Nasyonal Syans, Jeni, ak Medsin, 2017](#)). Nan travay atravè ekoloji sosyal la ak nivo prevansyon yo, apwòch ki fonde sou sante piblik la pèmèt CP3 fè avanse yon modèl prevansyon ki diminye kantite moun ki angaje yo nan vyolans ki sible dabò, ogmante frekans ak

³Faktè risk yo souvan gaye nan atravè tout popilasyon yo epi yo pa pèmèt prevwa vyolans oswa teworis ki sible nan nivo endividyèl. Yon moun gendwa gen youn oswa plizyè faktè risk epi pa janm chwazi vyolans. Konsa, nan absans konpòtman enkyetan ki asosye ak vyolans, li pa apwopriye pou konsantre sèlman sou faktè risk pou ankouraje entèvansyon nan nivo endividyèl. Nan nivo popilasyon an, sepandan, ranfòsman faktè pwoteksyon ak diminiyasyon faktè risk yo diminye chans pou vyolans. Anplis sa, si yon moun ap angaje nan konpòtman ki asosye ak TVT, devlope yon plan jesyon ka ki pa pinitif pou ranfòse faktè pwoteksyon ki enpòtan yo ak diminye faktè risk ki enpòtan nan lavi moun sa a se yon fason efikas pou minimize chans pou vyolans.

efikasite referans ak entèvansyon ki pa kriminel pou ki riske yo, epitou diminye chans pou yo residue. Atravè konsantrasyon li sou risk la, faktè pwoteksyon yo ak konpòtman yo olye sou ideyoloji a, pratikan yo ka aplike apwòch sante piblik la yon fason efikas pou anpeche vyolans ki baze sou doleyans, krim rayisman ki premedite, ak teworis. Anplis sa, envestisman aktif nan faktè pwoteksyon ki asosye ak detèminasyon anvan yon atak, tankou plis aksè ak sèvis sante mantal, sante konpòtman, ak sèvis sosyal, ansanm ak ogmantasyon kowezyon sosyal la, diminsyon domaj sosyal la reyisi yo koze epi ede ankouraje retablisman an.

b. Dinamik

Konpare ak mezi tradisyonèl antiteworis ak kont-teworis yo, sa ki diminye risk ki asosye ak moun ki deja ap mobilize pou angaje yo nan vyolans, apwòch ki fonde sou sante piblik la dinamik. Li envesti nan pwogram atravè nivo prevansyon yo ki diminye chans pou moun yo aksepte vyolans kriminel kòm yon mwayen nesese ak lejitim pou fè avanse yon objektif ideyolojik oswa abòde yon doleyans pèsone. Pwogram prevansyon primòdyal ak pwogram prevansyon prensipal yo chèche konprann epi reponn ak entèseksyon eksperyans sosyal e kominotè yo tankou rasis, entimidasyon, epi obstak ak resous ki ka ogmante chans pou vyolans yo ([Eisenman ak Flavahan, 2017, p. 346](#)). Pwogram prevansyon segondè, tankou ekip miltidisciplinè ki baze nan lekòl yo ak rezo referans yo, konekte moun ak sèvis e opòtinite ki diminye chans pou vyolans kriminel ak lòt rezilta negatif ([Cornell ak Maeng, 2020](#)). Pwogram prevansyon siperyè yo diminye chans pou rezidivis vyolan pami moun ki gen pi gwo risk pou yo angaje yo nan vyolans ekstremis — moun ki gen antesedan kriminel ([Jackson et al., 2019, pp 185-198](#)).

c. Responsabilize

Apwòch CP3 pou prevansyon kont vyolans lan mete aksan sou konstwi faktè pwoteksyon atravè nivo prevansyon yo, tankou kowezyon sosyal ak byennèt mantal. Lè moun yo, gwoup kanmarad yo, fanmi yo ak kominote yo gen kapasite epi yo ba yo resous pou depase defi yo, vyolans lan mwens atiran. Yon apwòch pozitif ki apiye l sou pwèn fò yo evite sekirize founisè prevansyon yo, estigmatize alafwa moun yo ak kominote yo, oswa ranfòse istwa viktimizasyon ekstremis vyolan yo itilize pou ankouraje solisyon vyolan. Yon apwòch ki konsantre sou ranfòsman faktè pwoteksyon atravè nivo prevansyon yo alafwa ogmante kantite ak kalite moun ak òganizasyon ki ka jwe yon wòl aktif nan prevansyon an, k ap ankouraje yon kilti prevansyon kont vyolans ak san vyolans.

d. Miltidisciplinè

Vyolans ak teworis ki sible yo se defi sosyal konplèks ki gen aspè kriminel, sosyal, sikolojik, kiltirèl ak konpòtmantal. Yo egzije apwòch miltidisciplinè ak ekip pou abòde yo. Konpreyansyon CP3 a sou yon pakèt risk ki enpòtan ak faktè pwoteksyon, anpil detèminan sosyal sante yo, e kat nivo modèl sosyal ekolojik la montre byen klè: pa gen yon grenn pwofesyon oswa apwòch ki ka anpeche vyolans ak teworis ki sible. CP3 apiye l sou yon seri metòd, pratik, disiplin ak pwofesyon ki baze sou prèv pou eklere apwòch li a ki fonde sou sante piblik pou prevansyon kont vyolans ak teworis ki sible. Sepandan, nan apiye l sou modèl sante piblik ki etabli pou prevansyon kont vyolans, ansanm ak vokabilè ki pataje ak prensip ki etabli yo, CP3 pèmèt moun ak òganizasyon ki gen diferan wòl ak responsablite — atravè plizyè disiplin diferan — amonize efò yo.

Anplis sa, CP3 rekonèt plizyè deseni rechèch ak pratik ki demontre risk pataje ak faktè pwoteksyon nan mitan diferan fòm vyolans (Wilkins et al., 2014). Antèt, apwòch prevansyon miltidisciplinè yo souvan abòde risk ak faktè pwoteksyon ki komen yo ak plizyè fòm vyolans. Pa egzanzp, konfli famiyal se yon faktè risk ki ogmante chans pou vyolans ak entimidasyon kont jèn yo (Wilkins et al., 2014), e Sèvis Sekrè Ameriken an te idantifye konfli famiyal kòm yon faktè risk kle pou moun ki atake lekòl yo (Sant Evalyasyon Menas Nasyonal Sèvis Sekrè Etazini an, 2019). Apwòch CP3 rekonèt fason ki pi rapid pou ogmante kapasite nasyonal la pou TVTP se angaje ansanm yon gwoup miltidisciplinè pwofesyonèl prevansyon kont vyolans ki gen eksperyans ki konsantre aktivman sou diferan fòm vyolans..

e. Rantab

Anplis sove lavi ak minimize domaj yo, envesti nan prevansyon bonè bay yon pwofi enpòtan nan tèm ekonomik ak sosyal. Yon analiz limit rantabilite RAND reyalize aksantye efò prevansyon yo rantabilize senpman nan diminye kantite investigasyon, pwosè, ak anprizònman ki koute chè e gouvènman an egzije (Jackson et al., 2019, p. 219). Men, pwogram prevansyon yo fè plis pase atenn ekilib nan rantabilite an. Yo evite depans dirèk ak endirèk vyolans yo, ki kapab totalize plizyè santèn milyon dola pou yon sèl atak ki lakoz anpil viktim ([Mueller ak Stewart, 2021](#), p.151). Lide ki fè kwè li miyò pou anpeche olye w geri an pa sèlman valab pou vyolans ki sible a e sa demontre plizyè fwa. CDC a mete aksan sou plizyè pwogram prevansyon kont vyolans kay jèn yo e nan lekòl ki, selon rechèch yo, bay avantaj ekonomik ki depase depans aplikasyon yo ([CDC, 2016](#)). Pwogram ki vize pou anpeche vyolans yo koute byen mwens sou peryòd ki long e ki kout pase pou konfwonte depans pou blese apre yon domaj rive ([Davis, 2011](#); [Corso et al., 2007](#)).

f. Baze sou prèv

Pandan apwòch tradisyonèl konba kont teworis ak ankèt yo souvan sansib, klase, epi sekrè, apwòch prevansyon vyolans ki fonde sou sante piblik la sibi evalyasyon regilyèman nan men tyès pati epi repoze l sou yon baz done ki disponib pou piblik la, ki kontinye ap amelyore. CP3 apiye l sou yon pakèt prèv ki soti nan yon varyete disiplin epi kontribye nan baz prèv sa a nan patenarya ak Direksyon Syans ak Teknoloji DHS la, Enstiti Nasyonal pou Jistis la, CDC, patnè inivèsité yo, ak òganizasyon rechèch endepandan yo. [Evalye pwogram prevansyon yo](#) pèmèt yon pwosesis iteratif ki rafine ak amelyore konpreyansyon aktyèl sou TVTP a, amelyore pwogram ak resous CP3 yo, epi ankouraje alafwa transparans ak pwoteksyon vi prive, dwa sivil yo, ak libète yo.⁴

g. Pragmatik

Ka vyolans ki sible yo souvan ka evite. Anpil etid montre moun ki komèt vyolans ki sible yo souvan revele entansyon yo anvan yo aji, e souvan kòm yon rèl pou èd. Sa a gen ladan l 83% agresè nan lekòl yo (Sant Nasyonal Evalyasyon Menas Sèvis Sekrè Etazini an, 2019) ak 47% moun k ap fè vyolans ak zam ki fè anpil viktim yo ([Peterson et al., 2021](#)). Ide vyolan ak lòt konpòtman enkyetan ki asosye ak zak vyolans anvan ki sibleyo ofri yon fenèt opòtinite pou moun, òganizasyon, ak kominote yo pou fè entèvansyon ki pa pinitif.

h. Sou peryòd ki long

Vyolans ak teworis ki sible yo se menas ki pèsistan (Jensen et al., 2023). Menmsi aktè menas yo gendwa chanje e taktik yo gendwa varye, menas ki pèsistan pou sekirite piblik yo apati teworis ak vyolans ki sible mande investisman ak estrateji sou peryòd ki long ki konsidere faktè sosyal, kominotè, ak relasyonèl ki ka lakoz rayisman ak vyolans. Kounye a, CP3 envesti nan prevansyon segondè ak siperyè, tankou pwogram rezo sekirite ki sipòte moun ki gen risk yo epi kolabore ak founisè ki soti nan tout disiplin yo. Investisman sou peryòd ki long nan prevansyon prensipal yo esansyèl pou diminye volim vyolans ofiramezi, epi pou konstwi yon kilti prevansyon vyolans ak teworis ki sible. Baz prèv pou TVTP toujou ap parèt, sepandan, ofiramezi founisè prevansyon yo kontinye teste ak devlope plis pwogram prevansyon, idantifikasyon pwogram ki reyisi yo pral asire adopsyon jeneralize (Walker et al., 2023).

V. Trase Wout pou Suiv la

⁴ Benefisyè pwogram sibvansyon pou Prevansyon kont Vyolans ak Teworis ki Sible CP3 yo te mete pwosesis evalyasyon ak sistèm rapò anplis pou CP3 kapab kontwole pwogrè yo epi evalye travay yo. CP3 travay ak Direksyon Syans ak Teknoloji DHS la pou fè evalyasyon tyès pati pwogram sou yon souzansanm benefisyè, epi DHS finanse yon evalyasyon pwogram pwogram sibvansyon CP3 TVTP a li menm pou asire yon amelyorasyon pèmanan. Rezilta sa yo [pataje piblikman](#) pou eklere pratik la.

Nan rapò sou pwogrè chak mwa yo, benefisyè ak sou-benefisyè sibvansyon CP3 yo dwe dokimante tretman ki koyeran, sistematik, ekitab, jis ak san patipri pou tout moun, kèlkeswa ras, etnisite, orijin nasyonal, sèks, relijyon, laj, andikap, metriz anglè yo oswa sityasyon ekonomik yo. Si yon benefisyè pral angaje l nan rechèch sou patisipan moun oswa itilize mezi pèfòmans ki ka reprezante konsa, li dwe jwenn ak siksè apwobasyon Komite Egzamen Enstitisyonèl (IRB) ak Biwo Pwogram Konfòmite ak Asirans DHS la (CAPO).

CP3 devlope yon estrateji senk objektif pou òganize travay la, priorite yo ak investisman yo.

1. Objektif 1 – Òganize Rechèch ak Devlope Kontni: Òganize rechèch ki baze sou prèv sou apwòch ki fonde sou sante piblik la (PHIA) pou TVTP epi itilize li pou enfòmasyon devlopman pakè teknik, fòmasyon ak lòt resous ki pral sipòte kat lòt objektif estratejik CP3 yo, pou asire TVTP chita sou rechèch ak pi bon pratik.

Ekip *Rechèch ak Devlopman Kontni* CP3 yo travay nan kolaborasyon ak patnè rechèch ak pwogramasyon yo, tankou Direksyon DHS Syans ak Teknoloji a (S&T), pou òganize yon baz prèv enfòmasyon ki enpòtan ak pratik ki pwomèt pou eklere espas prevansyon an. CP3 travay kole kole ak evalyatè tyès pati tou pou evalye efikasite pwojè kle CP3 ak S&T finanse oswa idantifye. CP3 toujou egzamine rechèch ak prèv k ap mennen ki dwe pataje ak founisè ak patnè prevansyon yo. Atravè yon evalyasyon sistematik, ak konsèyasyon done yo e ak yon aprantisaj san kanpe, ekip rechèch ak devlopman pèmanan an tradui prèv lan pou vin politik ak pratik nan devlope kontni fòmasyon ak lòt resous prevansyon.

2. Objektif 2 – Ogmante Kapasite Founisè ak Patnè Prevansyon yo: Kolabore ak founisè prevansyon yo epi konekte yo ak patnè CP3 ki egziste deja yo, nan fè pwomosyon resous PHIA pou ranfòse kapasite prevansyon kont vyolans nan tout peyi a.

Ekip Operasyon sou Teren CP3 a ki konpoze ak kowòdonatè prevansyon rejyonal (RPC) nan tout peyi a, travay kole kole ak patnè Eta ak lokal yo pou (1) bay konsèy sou devlopman estrateji TVTP ak aplikasyon pwogram epi (2) ankouraje patenarya estratejik ak patnè sante piblik yo pou kreye yon fondasyon sante piblik pou pwogram prevansyon. RPC yo ofri fòmasyon, resous, ak enfòmasyon tou bay pratikan ak patnè prevansyon yo. Travay yo fèt pou amelyore aksè, evolutivite, ak transparans nan pwogram ak resous CP3 yo.

Apati yon pèspektiv ki fonde sou sante piblik, RPC yo jwe yon wòl enpòtan anpil nan efò CP3 ap fè pou rasanble founisè prevansyon k ap travay sou lòt fòm vyolans (vyolans kont jèn, vyolans seksyèl, abi sou granmoun aje, vyolans kont patnè entim, ak plis ankò) pou itilize ekspètiz kolektif, eksperyans, ak rezo yo pou patisipe nan prevansyon prensipal ak segondè nan espas TVTP. Apati yon pèspektiv sante piblik, efò founisè prevansyon kont vyolans yo nan espas sa a konsantre sou aplikasyon divès mezi prevantif, tankou edikasyon kominotè, pwogram entèvansyon bonè, soutyen sante mantal, ak politik enklizif, ak entansyon pou deranje sik vyolans la epi redwi. prévalence de vyolans ki sible.

3. Objektif 3 – Investi nan, epi sipòte pwogram TVTP Inovatè yo: Devlope ak sipòte kapasite TVTP an atravè yon pwogram sibvansyon anyèl ak inisyativ anplis, patnè dirije ki gen objektif pou ankouraje yon kondwi ki soti nan pratik inovan pou rive nan pi bon pratik yo.

Ekip Sibvansyon ak Inovasyon CP3 a administre yon pwogram sibvansyon anyèl (nan patenarya ak FEMA) pou finanse pwojè ki kouvri divès nivo prevansyon, ki soti nan nivo nasyonal pou rive lokal. Benefisyè yo gen ladan yo ajans gouvènman Eta, lokal, tribi ak teritoryal, òganizasyon kominotè, ak inivèsite. CP3 finanse tou pwogram Invent2Prevent, yon pwogram aprantisaj eksperyans ki pèmèt elèv lekòl segondè ak inivèsite yo kreye pwodwi, zouti oswa inisyativ TVTP.

Ekip Sibvansyon ak Inovasyon CP3 a travay tou ak benefisyè sibvansyon, patnè inovasyon, ak evalyatè tyès pati pou konstwi yon kilti aprantisaj, pataj enfòmasyon, ak transparans.

4. Objektif 4 – Konstwi yon Kowalisyon Nasyonal ki fonde sou Sante Piblik pou TVTP: Kreye patenarya estratejik ak òganizasyon e rezo yo ki ka kontribye nan yon PHIA pou TVTP.

Ekip Angajman Estratejik CP3 konsantre l sou bati patenarya estratejik nan nivo nasyonal ak patnè andedan ak entè-ajans, nan konsantre l sou ajans federal sante piblik ak rezo yo. CP3 vize amonize efò TVTP yo ak

rezon pwofesyonèl, enstitisyon, ak resous finansye enpòtan yo ki deja angaje nan lòt fòm prevansyon kont vyolans. Atravè angajman li yo, CP3 anplifye PHIA li a pou prevansyon pou piblik kle ajans sekirite yo, kominote sante piblik la, ak pratikan TVTP yo.

5. Objektif 5 – Kominikasyon Estratejik: Anplwaye kominikasyon dinamik pou sipòte priyorite CP3 yo epi ankouraje yon kilti san vyolans ak prevansyon kont vyolans.

Ekip Kominikasyon Estratejik CP3 yo jere efò kominikasyon ak mesaj pou fè avanse tout eleman nan apwòch sa a epi ankouraje yon kilti prevansyon kont vyolans kote kominote yo konprann zak vyolans ak teworis ki sible yo kapab anpeche e wòl yo jwe nan prevansyon kont vyolans.

VI. Konklizyon

Etazini ap fè viv aktyèlman yon nivo pi wo vyolans ak teworis ki sible. Kominote sekirite a poukont li pa ka abòde faktè risk ki ogmante chans pou vyolans oswa ranfòse faktè pwoteksyon ki diminye chans pou vyolans lan ofiramezi Ni li pa byen pozisyon pou entèveni poukont li lè yon moun montre konpòtman enkyetan ki asosye ak vyolans ki te fèt anvan yo, menm lè yon entèvansyon ta ka ede moun nan ak kominote li. Paradoksalman, sepandan, nou konnen zak vyolans ak teworis ki sible yo souvan ka evite. Prevansyon zak vyolans ak teworis ki sible Ozetazini egzije yon chanjman paradigman nan sans yon apwòch ki fonde sou sante piblik ki apiye l sou plizyè deseni rechèch sou prevansyon kont vyolans ak kapasite kominote ki la deja pou prevansyon kont vyolans. PHIA ogmante nan yon fason konsiderab opòtinite pou redwi risk vyolans ki sible a nan mete aksan sou byennèt nan tout nivo modèl sosyal ekolojik la, nan envesti nan prevansyon anplis pwogram sekirite sekirite yo, epi nan mete aksan sou kolaborasyon ak patisipasyon aktif atravè yon seri divès kalite aktè.

VII. Referans

Alfonseca, K. (2023, November 15). U.S. extremists exploit Israeli-Palestinian tensions with calls for violence, hate: Experts. *ABC News*. Retrieved from <https://abcnews.go.com/International/us-extremists-exploit-israeli-palestinian-tensions-calls-violence/story?id=104787610>

David-Ferdon, C., Vivolo-Kantor, A. M., Dahlberg, L. L., Marshall, K. J., Rainford, N. & Hall, J. E. (2016). Centers for Disease Control and Prevention, Division of Violence Prevention, National Center for Injury Prevention and Control. *Youth Violence Prevention: Resource for Action: A Compilation of the Best Available Evidence*. CDC.gov. https://www.cdc.gov/violenceprevention/pdf/YV-Prevention-Resource_508.pdf

Centers for Disease Control and Prevention, National Center for Injury Prevention and Control National Center for Injury Prevention and Control. Number of Injuries and Associated Costs. *CDC.gov*. <https://wisqars.cdc.gov/cost/?y=2020&o=MORT&i=8&m=20810&q=00&s=0&u=TOTAL&u=AVG&t=COMBO&t=MED&t=VPSL&a=5Yr&q1=0&q2=199&a1=0&a2=199&r1=MECH&r2=INTENT&r3=NONE&r4=NONE&c1=&c2=>

Centers for Disease Control and Prevention (2024a). About The Public Health Approach to Violence Prevention. *CDC.gov*. <https://www.cdc.gov/violence-prevention/about/about-the-public-health-approach-to-violence-prevention.html>

Centers for Disease Control and Prevention (2024b). About Violence Prevention. *CDC.gov*. <https://www.cdc.gov/violence-prevention/about/index.html>

Centers for Disease Control and Prevention (2024c). Social Determinants of Health at CDC, *CDC.gov*. Retrieved from <https://www.cdc.gov/about/priorities/social-determinants-of-health-at-cdc.html>

Cornell, D., & Maeng, J., (2020, February). Student Threat Assessment as a Safe and Supportive Prevention Strategy: Final Technical Report. Charlottesville, VA: Curry School of Education, University of Virginia; National Institute of Justice. <https://nij.ojp.gov/library/publications/student-threat-assessment-safe-and-supportive-prevention-strategy-final>

Corso, P., Mercy, J., Simon, T., Finkelstein, E., & Miller, T. (2007). Medical costs and productivity losses due to interpersonal and self-directed violence in the United States. *Am J Prev Med*, 33(3). <https://doi.org/10.1016/j.amepre.2007.02.010>

Cox, J., Rich, S., Trevor, L., Muyskens, J., & Ulmanu, M. (2023, April 3). There have been 404 school shootings since Columbine. *Washington Post*. Retrieved June 27, 2024, from <https://www.washingtonpost.com/education/interactive/school-shootings-database/>

Davis, R. (2011, October 25). *Social and Economic Costs of Violence: Workshop Summary*. NIH National Library of Medicine. Retrieved from <https://www.ncbi.nlm.nih.gov/books/NBK190007/>

Department of Homeland Security (2022, November 30). Summary of the Terrorism Threat to the United States. *National Terrorism Advisory System: Bulletin*. DHS.gov/Advisories. Retrieved August 31, 2023, from https://www.dhs.gov/sites/default/files/ntas/alerts/22_1130_S1_NTAS-Bulletin-508.pdf

Eisenman, D., & Flavahan, L. (2017). Canaries in the coal mine: Interpersonal violence, gang violence, and violent extremism through a public health prevention lens. *International Review of Psychiatry (Abingdon, England)*, 29(4), 341–349. <https://doi.org/10.1080/09540261.2017.1343527>

Ellis, B., Erez, E., Horgan, J., LaFree, G., & Spaaij, R. (2024, March 25). Comparing Violent Extremism and Terrorism to Other Forms of Targeted Violence. *National Institute of Justice Journal*. Retrieved from <https://nij.ojp.gov/topics/articles/comparing-violent-extremism-and-terrorism-other-forms-targeted-violence>

Ellis, B., Miller, A., Sideridis, G., Frounfelker, R., Miconi, D., Abdi, S., Aw-Owman, F., & Rousseau, C. (2021). Risk and protective factors associated with support of violent radicalization: Variations by geographic location. *International Journal of Public Health*, <https://doi.org/10.3389/ijph.2021.617053>; National Institute of Justice. <https://nij.ojp.gov/library/publications/risk-and-protective-factors-associated-support-violent-radicalization>

Hodges, J. C., Walker, D. T., Baum, C. F., & Hawkins, S. S. (2023). Impact of School Shootings on Adolescent School Safety, 2009-2019. *American Journal of Public Health*, 113(4), 438–441. <https://doi.org/10.2105/AJPH.2022.307206>

Jackson, B., Rhoades, A., Reimer, J., Lander, N., Costello, K., & Beaghley, S. (2019). *Practical Terrorism Prevention: Reexamining U.S. National Approaches to Addressing the Threat of Ideologically Motivated Violence*, Homeland Security Operational Analysis Center operated by the RAND Corporation, RR-2647-DHS, 2019. https://www.rand.org/pubs/research_reports/RR2647.html

Jensen, M., Kane, S., & Akers, E. (2023, March). *Profiles of Individual Radicalization in the United States (PIRUS): Mass Casualty Extremist Offenders*. The National Consortium for the Study of Terrorism and Responses to Terrorism (START), University of Maryland. <https://www.start.umd.edu/publication/profiles-individual-radicalization-united-states-pirus-mass-casualty-extremist>

Jensen, M., Kane, S., & Akers, E. (2023, March). *Profiles of Individual Radicalization in the United States (PIRUS): Comparing Violent and Non-Violent Offenders*. The National Consortium for the Study of Terrorism and Responses to Terrorism (START), University of Maryland. <https://www.start.umd.edu/publication/pirus-comparing-violent-and-non-violent-offenders>

- Levine, P.B. & McKnight, R. (2020). *Exposure to a School Shooting and Subsequent Well-Being*. National Bureau of Economic Research Working Papers, 28307. National Bureau of Economic Research. <https://www.nber.org/papers/w28307>
- Matthews, A. (2024, June 25). School shootings in the US: Fast facts. *CNN*. <https://www.cnn.com/us/school-shootings-fast-facts-dg>
- Mueller, J., & Stewart, M. G. (2018). Terrorism and Bathtubs: Comparing and Assessing the Risks. *Terrorism and Political Violence*, 33(1), 138–163. <https://doi.org/10.1080/09546553.2018.1530662>
- National Academies of Sciences, Engineering, and Medicine (2017, February 17). *Countering Violent Extremism Through Public Health Practice: Proceedings of a Workshop*. https://www.ncbi.nlm.nih.gov/books/NBK537586/#sec_000013
- Peterson, J., Erickson, G., Knapp, K., & Densley, J. (2021, November 4). Communication of Intent to Do Harm Preceding Mass Public Shootings in the United States, 1966 to 2019. *JAMA Network Open*.
- United States Secret Service National Threat Assessment Center (2019, November). *Protecting America's Schools: A U.S. Secret Service Analysis of Targeted School Violence*. <https://www.secretservice.gov/node/2565>
- Walker, A., Steele, S., Allen, M., & Arreola, N, (2023). *Prevention Program Sustainability and Associated Determinants: A Literature Review, Version 1.0*. <https://digitalcommons.unomaha.edu/ncitereportsresearch/53>
- Wilkins, N., Tsao, B., Hertz, M., Davis, R., & Klevens, J. (2014, July). *Connecting the Dots: An Overview of the Links Among Multiple Forms of Violence*. CDC.gov. <https://stacks.cdc.gov/view/cdc/31552>
- Wolfowicz, M., Litmanovitz, Y., Weisburd, D., & Hasisi, B. (2021). Cognitive and behavioral radicalization: A systematic review of the putative risk and protective factors. *Campbell Systematic Reviews*, 17(3). <https://doi.org/10.1002/cl2.1174>